



Pou Piblikasyon Imedya: 13/03/2017

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

GOUVÈNÈ CUOMO ANONSE YON BÈS SAN PARÈY NAN KANTITE JÈN MOUN KI FIMEN NAN NEW YORK

Pousantaj Elèv Lekòl Segondè ki Fimen Sigarèt Elektwonik Double nan De Dènye Ane yo

Gen Ankèt ki Apiye Pwopozisyon Bidjè Egzekitif Ane Fiskal 2018 la, pou Redui Itilizasyon Sigarèt Elektwonik

Klike [La a](#) Pou Rezilta Ankèt yo

Jodi a, Gouvènè Andrew M. Cuomo te anonse ke kantite elèv lekòl segondè ki fimen an 2016 nan Eta New York se te kantite ki pi ba, avèk yon pousantaj 4.3 pousan, parapò a 27.1 pousan an 2000. Yon [sondaj](#) Depatman Sante Eta New York (New York State Department of Health) fè dènyèman montre tou ke itilizasyon sigarèt elektwonik pami elèv lekòl segondè prèske double nan de dènye ane yo, soti nan 10.5 pousan an 2014 pou pase a 20.6 pousan an 2016.

“Chif sa yo bay sezisman e yo montre non sèlman bon jan siksè pwogram anti-fimen New York yo jwenn - ki lakòz mwens jèn timoun fimen sigarèt – men yo montre tou nesite pou nou kontwole itilizasyon sigarèt elektwonik,” **Gouvènè Cuomo te deklare.** “Nou dwe lite pou jèn yo pa fimen tabak, kèlkeswa sou ki fòm li vini, pou nou kreye yon demen an sante pou tout yon jenerasyon moun New York.”

Selon yon rapò Minis Lasante Etazini fè an 2016, kantite elèv lekòl segondè ki fimen sigarèt elektwonik monte a 900 pousan ant 2011 e 2015, sa ki fè kalite sigarèt sa a tounen fòm ki pi popilè pou jèn yo pran nikotin. Akòz gou dous yo genyen ak move enfòmasyon ki di yo pa poze danje pou moun ki fimen, sigarèt elektwonik vini deplizanpli popilè. Rapò an te montre tou ke itilizasyon sigarèt elektwonik pami jèn timoun ak jèn adilt asosye ak itilizasyon lòt pwodui tabak.

Komisè Sante Doktè Dr. Howard Zucker te deklare, “Popilarite kwasant sigarèt elektwonik pami jèn yo, ansanm avèk itilizasyon lòt sigarèt, bay anpil enkyetid. Nou te jwenn gwo siksè pou diminye kantite jèn moun ki fimen nan Eta New York. Itilizasyon

sigarèt elektwonik gen dwa lakòz moun vin fè akoutimans a nikotin. Nou dwe kontinye pwoteje jèn moun New York kont danje ki asosye avèk sigarèt ak sigarèt elektwonik. Gen nan danje sa yo nou konnen; gen lòt nou pa konnen.”

Bidjè Egzekitif ane fiskal 2018 Gouvènè Cuomo a pwopoze pou yo règleman sigarèt elektwonik menm jan ak sigarèt tradisyonèl yo, pou pran ka gwo enkyetid konsènan enpak sigarèt elektwonik gen sou lasante. Sa vle di yo t ap enkli sigarèt elektwonik nan yon seri lwa konsènan kalite lè anndan kay. Lwa sa yo deja sou pye nan eta a e yo enpoze yon prelevman enpo 10 santim pa mililit sou pwodwi avapè pou jèn moun - gwoup laj ki depanse mwen fasil.

Kontrèman a kwayans ki di sigarèt elektwonik san danje parapò ak sigarèt, lasyans montre ke sigarèt elektwonik yo pa san danje. Pifò sigarèt elektwonik gen nikotin, yon dwòg ki kreye depandans e ki kapab lakòz chanjman pèmanan nan sèvo jèn moun ki an devlopman. Malgre pwodwi tabak ki ka pran dife gen plis toksin pase sigarèt elektwonik, ayewosòl ke sigarèt elektwonik la pwodui se pa yon vapè dlo ki san danje. Etid yo fè montre ayewosòl gen ladan patikil iltrafen ki asosye a maladi poumon; metal lou tankou fèblan, plon ak nikèl; ak konpoze òganik volatil tankou benzèn, ak tolyèn.

Nan mwa Me 2016, Administrasyon Manje ak Medikaman Etazini (U.S. Food & Drug Administration) te ajoute sigarèt elektwonik ki gen nikotin ladan nan definisyon li bay pou pwodwi tabak, yon pozisyon ki nan menm lanse avèk pa Depatman Sante Eta New York, ki konsidere sigarèt elektwonik kòm pwodwi tabak. Depi sigarèt elektwonik, ansanm lòt sistèm absòpsyon nikotin ki menm jan an, te parèt sou mache a, Depatman Sante Eta New York te enkòpore sigarèt elektwonik nan inisyativ ki te egziste deja pou kontwòl tabak e anpeche jèn moun kòmanse fimen tabak, redui itilizasyon tabak kay granmoun e elimine ekspozisyon a lafimen segondè. [Kilke la a](#) pou yon lis estatistik pou chak ane, ke Depatman Sante Eta a bay.

Pou plis enfòmasyon sou Pwogram Kontwòl Tabak Eta New York (New York State Tobacco Control Program), vizite www.health.ny.gov/prevention/tobacco_control/program_components.htm. Pou aprann pi plis sou sigarèt elektwonik ak jèn nou yo, vizite <https://e-cigarettes.surgeongeneral.gov/default.htm>.

###